DOCUMENT RESUME

ED 401 712 FL 023 663

AUTHOR	Vilsaint, Fequiere; Heurtelou, Maude
TITLE	Pictorial English/Haitian-Creole Dictionary. Revised Edition.
REPORT NO	ISBN-1-881839-11-7
PUB DATE	96
NOTE	292p.
AVAILABLE FROM	Educa Vision Inc., 7130 Cove Place, Temple Terrace, FL 33617.
PUB TYPE	Reference Materials - Vocabularies/Classifications/Dictionaries (134)
LANGUAGE	English; Haitian Creole
EDRS PRICE	MF01/PC12 Plus Postage.
DESCRIPTORS	Anatomy; Animals; Buildings; Classroom Environment; Clothing; Daily Living Skills; Education; English; First Aid; Food; *Haitian Creole; Hygiene; Illustrations; Interpersonal Communication; Languages; Music; Numbers; Offices (Facilities); Recreational Activities; Second Languages; Supplies; Telecommunications; Transportation; *Uncommonly Taught Languages; *Vocabulary
IDENTIFIERS	Antonyms; Astrology; *Bilingual Dictionaries; Tools

ABSTRACT

The English-to-Haitian Creole (HC) dictionary contains simple, direct translations of English words to HC using line drawings. Words are organized by theme: plants; food and drinks; animals; people; ethnicity; clothes; body parts; first aid; buildings; inside the house; hygiene; sport, hobbies, and games; musical instruments; tools; measuring tools; office and school supplies; school objects; symbols and numbers; horoscope signs; outdoors; antonyms; and transportation and communications. The introduction is in both English and HC, and both English and HC indexes are provided. (MSE)

****
* Reproductions supplied by EDRS are the best that can be made *
* from the original document. *
****

ED 401 712

Pictorial
English / Haitian-Creole
Dictionary



"PERMISSION TO REPRODUCE THIS MATERIAL HAS BEEN GRANTED BY
Vilsaint

TO THE EDUCATIONAL RESOURCES INFORMATION CENTER (ERIC)."

U.S. DEPARTMENT OF EDUCATION
Office of Educational Research and Improvement
EDUCATIONAL RESOURCES INFORMATION CENTER (ERIC)

☑ This document has been reproduced as received from the person or organization originating it.

☐ Minor changes have been made to improve reproduction quality.

- Points of view or opinions stated in this document do not necessarily represent official OERI position or policy.

Féquière Vilsaint and Maude Heurtelou

EDUCA VISION

FL 023 663

BEST COPY AVAILABLE

PICTORIAL
English/Haitian-Creole
DICTIONARY



Féquière Vilsaint and Maude Heurtelou

EDUCA VISION

Copyright 1990, 1995, 1996 by Féquière Vilsaint, Temple Terrace, Florida.
First published in 1990, second edition, 1994, revised edition 1996.

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopying, recording or by any informational storage or retrieval system except by a reviewer who may quote brief passages in a review to be printed in a magazine or a newspaper without permission in writing from the publisher.

For information, please contact Educa Vision Inc., 7130 Cove Place, Temple Terrace, FL. 33617.
Telephone: 813 985-3799. Fax: 813 987-9104.

Library Of Congress Catalog-in-Publication Data

Vilsaint, Féquière.
Pictorial English/Haitian-Creole Dictionary / Féquière Vilsaint and Maude Heurtelou
p. cm.
Includes index.
ISBN 1-881839-11-7
1. English language--Dictionaries--Creole dialects, French--Haiti.
2. Picture dictionaries, English. I. Heurtelou, Maude. II. Title.
PM7854.H34v66 1995
423' .41--dc20
95-8289
CIP

Pèsòn moun pa gen dwa reprodui liv sa a, kèlkeswa metòd la, sòf si li gen pèmisyon alekri ki sòti nan men otè a, Féquière Vilsaint, ak editè a, EDUCA VISION INC.

Educa Vision Inc.

INTRODUCTION

When we started this dictionary two years ago, we wanted to provide a readily accessible pictorial resource for communication. In the first edition, that was exactly what we provided. The unexpected number of requests we had from both Haitian-Creole and English users/speakers was an impetus to the development of a second edition of the Pictorial English/Haitian-Creole Dictionary. In this second edition, we progress from a 86 pages booklet velo-bound to about 300 pages perfect bound reference book with more than 5000 entries.

This book links words from English and Haitian-Creole to illustrations. It provides the users essential vocabulary to communicate effectively in a wide range situations. The drawings were chosen to illustrate everyday activities, physical environment, plants, animals, communication, transport, health, school, etc. The illustrations serve as a bridge in this dictionary, enabling the user, at a glance, to deduce the meaning of the term in both languages.

The information can be accessed thematically, using the table of contents that is organized sequentially or alphabetically, using the indices at the end of the book.

Most of the feedback we received from the previous edition came from students and their teachers, so tend to address their interests and concerns, in the organization of the book. However, the book can be used for education and communication or simply to enjoy its illustrations.

The Pictorial English/Haitian-Creole Dictionary is part in a wide collection of materials for instruction at all level.

We admire the pioneers who contributed a great amount of work in the development and promotion of the Haitian-Creole language: Jeanine Anas, Yves and Paul Dejean, Bryant Freeman, Robert A Hall, Edner Jeanty, Ormonde McConnell, George Mathelier, Ernst Mirville, Felix Morisseau-Leroy, William Smart, Albert Valdman and many more.

To prepare this Pictorial Dictionary, we consulted with writers, linguists, readers, creolists, teachers, students, preachers, etc. We wish to express our indebtedness in particular to Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouy) of Sosyete Koukouy, Quebec, Canada; Andrea Posopokis of McGill University, Montreal, Canada; Anthony K. Lewis, Livie Allman, Henock Pierre-Louis, Gilbert Hyppolite, Nanette Barkey and Bienheuse Joseph-Simon.

The typing was done by Patricia Fethière, Josette Laborde, Felicia Williams and Livie Allman, using Word Perfect word processor from Word Perfect Corporation. The illustrations are done by Karen Simon, Jocelyne Plas, Raida Pita and Georges Gauthier. The cover design by Elizabeth Preuss. using Corel Draw from Corel Graphics and PowerPoint from Microsoft Corp.

Jequiere Vilsaint

ENTWODIKSYON

Dezan gentan pase depi nou kòmanse devlope yon diksyonè kreyòl ak desen. Lè nou te kòmanse, nou te vle ekri yon liv pou pèmèt moun ki pale Angle ak Kreyòl pale youn ak lòt sitou si youn pa konn pale lang lòt la.

Nou te ekri premye liv la ; men lè anpil moun kòmanse rele nan telefòn pou fè konpliman pou liv la, nou deside pibliye yon pi gwo liv. Liv sa a, se li ki nan men ou la a. Li gen plis desen, plis enfòmasyon, plis mo sou diferan kalite sijè ke premye edisyon an. Premye a te gen 86 paj, liv sa a gen prèske twasan paj avèk plis ke senk mil mo.

Liv la pèmèt moun kominike menm si li pa konn pale youn nan de lang yo. Li ka kominike menm si li pa pale ni Angle ni Kreyòl. Menm yon moun ki pa konn li ditou, si li ka rekonèt desen yo, li kapab kominike.

Nou chwazi desen ki montre aktivite moun fè toulejou, travay latè, plant , bèt, transpò, lasante, lekòl. Desen yo sèvi tankou yon pon pou ini lang yo.

Gen tout kalite moun ki sèvi ak liv sa a: pwofesè, elèv, avoka, doktè, pastè, travayè sosyal, moun ki kirye epitou moun tankou ou.

Si nou rive la se paske gen anpil moun ki te debleye teren an pou nou. Nou voye konpliman pou Janin Anas, Iv ak Pòl Dejan, Bryant Freeman, Robè Hal, Edme Janti, Omonn Makonèl, Jòj Matelye, Ens Mivil, Felis Moriso Lewa, Wilyam Smat, Albè Valmann ak anpil lòt ankò.

Pou nou prepare liv sa a nou kominike ak ekritè, lengwis, kreyolis, pwofesè, elèv, pastè ak lòt moun ankò.

Nou remèsye Kaptenn Koukouy, Mikèlanj Ipolit manm sosyete Koukouy Kanada, Andrea Posopokis manm inivèsite Magil nan Kanada; Antonni Lewis, Livi Olmann, Enòk Pyè Lwi, Jilbè Ipolit, Nanèt Baki, Byennèz Jozèf Simon.

Moun ki tape liv sa a se:
Patrisia Fetyè, Jozèt Labòd, Felisya Wilyams, Livi Olmann .

Moun ki fè desen yo se:
Karen Simon, Joslen Plas, Rayda Pita, Jòj Gotye. Desen kouvèti a se Elizabeth Preuss ki fè li.

Fekyè Vilsen

CONTENTS
LIS SIJÈ

Plant : plant 4
Food and drinks : manje ak bwason 13
Animals : bèt 31
People : moun 43
From everywhere : nou sòti toupatou 59
Clothes : rad 73
Parts of the body : pati nan kò moun 81
First aid : premye swen 115
Building : bilding 131
Inside the house : andedan kay 139
Hygiene : ijyèn 161
Sport, hobby and games : espò, pastan ak jwèt 169
Musical instruments : enstriman mizik 177
Tools : zouti 179
Tools to measure : zouti pou mezire 187
Office and school supplies : zafè biwo ak zafè lekòl 193
School objects : zouti lekòl 199
Symbols and numbers : senbòl ak nonm 203
Horoscope sign : siy owoskòp 217
Outdoor : deyò 223
Antonym : lekontrè 229
Transport and communication : transpò ak kominikasyon 237
English Index : endèks Angle 253
Haitian-Creole Index : endèks Kreyòl 269

Materials in

HAITIAN CREOLE

DICTIONARIES: Pictorial, Bilingual, Monolingual
Idiomatic, Phrasebooks.

SCIENCE: Biology, Chemistry, Physics, Math.

LANGUAGE ART: Short Stories, Novels, Plays,
Folk stories, Content Area

LITERACY

Books, Charts, Software, Games & more.

EDUCA VISION
7130 Cove Place, Temple Terrace, FL 33617
Tel: 813 985-3799 Fax: 813 987-9104
Internet: educa@aol.com

Free Catalog

PLANTS : PLANT



tree : pye bwa



palm tree :
pye palmis



fir : pye sapen



mushroom :
dyondyon



stump : choukbwa



flower : flè



leaf : fèy



hay : zèb



tree branch :
branch bwa

rubber tree : pye kaoutchou



use of rubber :
sa ki ka fèt ak kaoutchou:



boot : bòt



tire : kaoutchou oto



garden hose : tib kaoutchou



leaf : fèy
vein : venn

flower : flè
petal : petal



stump : chouk
trunk : tij





bark : ekòs
heartwood : kè bwa
pith : mwèl bwa


bamboo tree : pye banbou
leaf : fèy
trunk : tij
node : ne


corn plant: pye mayi
leaf : fèy
cob : zepi

tree : pye bwa


twig : ti branch
branch : branch
trunk : tij
root : rasin
radicle : ti rasin


leaf : fèy
banana bunch : rejim bannann
banana tree : pye bannann


leaf : fèy
flower bud : boujon flè
stem : tij

Beans/Pwa



bean : pwa



germination : gèmen



mature bean plant: pye pwa





MANJE AK BWASON
FOOD AND DRINKS

Meal time



Lè manje

 orange : zoranj	 peach: pèch	 banana: fig
 grape: rezen	 pear: pwa	 apple: pòm
 strawberry: frèz	 cherry: seriz	 lemon : sitwon



coconut fruit :
kokoye



mango : mango



banana : bannann



watermelon : melon



guineps: kenèp



soursop :
kowosòl



tamarind:
tamaren



pomegrenate:
grenad



green pepper : piman vèt



green pea : pwa vèt



eggplant : berejèn



tomato: tomat



artichoke: aticho



papaya : papay



sugar apple : kachiman



banana : bannann

banana bunch : rejim bannann

pineapple : anana





avocado: zaboka



sugar cane stick : kann



breadfruit : lam veritab

 carrot: kawòt	 squash: joumou	 asparagus: aspèj
 corn: mayi	 bean: pwa	 pepper: piman
 broccoli: bwokoli	 mushroom : dyondyon	 eggplant: berejèn



squash: joumou



beets: bètrav



spinach: zepina



cabbage: chou



carrots: kawòt



turnip : nave



bread: pen



croissant: kwasan



sandwich: sandwich



hot dog: òtdòg



macaroni: makawoni



muffin: ponmkèt



pizza: pitza



potato: pòmdetè



rice: diri



beer: byè



tea: te



coffee: kafe



water: dlo



milk: lèt



orange juice:
ji zoranj



candy: sirèt



popsicle: krèm



ice cream: krèm

 chicken: poul	 cheese: fwomaj	 egg: ze
 fried egg: ze fri	 milk: lèt	 yogurt: yogout
 steak: biftèk	 shrimp: krevèt	 pork: kochon



chicken: poul



cattle: bèf



Goat : kabrit



fish: pwason

Seafoods, Manje ki sòt nan lanmè



fish
pwason



shrimp
chevrèt



lobster
oma



conch
lanbi

 dairy products : manje ki fèt ak lèt	 egg : ze
protein pwoteyn	 1 meat: vyann 2 steak: biftèk
 turkey : kodenn	 chiken : poul



onion : zonyon



leek : powo



green onion : siv



garlic : lay



cake: gato



muffin: ponmkèt



pie: tat



pudding: poudin



ice cream : krèm



banana: fig



to eat: manje



to drink: bwè



to eat: manje



to fill up : plen

to bite : mòde

to chew : moulen

to swallow : vale

to choke : toufe, trangle

to digest : dijere



to pour: vide

food	**manje**
milk	lèt
juice	ji
water	dlo
coffee	kafe
tea	te
bread	pen
patties	pate
cake	gato
cookies	bonbon
candy	sirèt
fruit	fui
banana	bannann
orange	zoranj
lime	sitwon
papaya	papay
mango	mango
peach	pèch
apple	ponm
pineaple	annana, zannanna
passion fruit	grenadya
grape	rezen
soursop	kowosòl
grapefruit	chadèk
watermelon	melon
eggs	ze
meat	vyann
rabbit	lapen
beef	bèf
goat	kabrit
lamb	mouton
chicken	poul
turkey	kodenn
fish	pwason
shrimp	chevrèt
oyster	zwit
lobster	oma
conch	lanbi
codfish	lanmori
herring	aran
sardines	sadin
tomato	tomat
salad	salad
lettuce	leti
water cress	kreson
brocoli	bwokoli
oil	luil
butter	bè
cheese	fwomaj
yogurt	yogout
ice cream	krèm



animals



bèt



They are all animals



Yo tout se bèt

animals bèt



dog
chyen



rabbit
lapen



fish
pwason



horse
cheval



oyster
zwit



turtle
tòti



cat
chat



lizard
mabouya



squirel
ekirèy



frog
krapo



conch
lanbi



mouse : sourit



duck: kana



worm : vè



penguin: pengwen



frog : krapo



bat : chòvsourit



ant : foumi



cockroach : ravèt



butterfly : papiyon



dragon fly : madmwazèl



fly : mouch



lady bird: koksinèl

 grasshopper : krikèt	 spider : zarenyen
 1 fly : mouch 2 larva : lav	 spider : zariyen
 caterpillar : cheniy	 moth: papiyon de nuit



dog : chyen



cat : chat



cow: vach



horse : cheval



pig : kochon



sheep : mouton

bird: zwazo





turkey : kodenn



egg: ze



duck: kanna



foot: pat



beak: bèk



feather: plim



wing: zèl



chicks : ti poul



rooster : kòk



bird : zwazo



duck : kana



parrot : jako



owl : koukou



monkey: makak



snake: koulèv



bear : lous



elephant: elefan



kangouroo: kangouwou



lion: lyon



people moun



people



moun



girl: tifi



eye: zye



ear: zòrèy



woman: fi



nose: nen



eyeglasses: linèt



nail polish : kitèks



mouth: bouch



lipstick : fa



baby car seat:
chèz tibebe



crib : bèso



baby food :
manje tibebe



stroller : charyo
tibebe



1 bottle : bibwon
2 nipple : tetin



baby : tibebe



carriage stroller:
charyo tibebe



diapers : kouchèt



play pen : pak



baby bottle: bibwon

to sterilize baby bottle:
bouyi bibwon

to feed a baby:
bay tibebe manje

to nurse: bay tete
fè tibebe rann gaz



crib : bèso



closet : plaka



high chair :chèz tibebe

to babysit : gade tibebe

lullaby : chante pou fè
timoun dòmi

nursery : jaden danfan,
gadri



bib : bavèt



rattle: jwèt



pacifier : sison



baby : tibebe



cart: charyo



dolls: pope



swing: balansin



bicycle: bisiklèt



baby : tibebe



girls: tifi



boys: tigason



women: fi



men: gason



baby: tibebe



family : fanmi

 soldier: solda	 gun: revolvè	 soldier: solda
 security guard: gadyen sekirite	 fingerprint: anprent	 handprint: makmen
 boyscout : eskout	 footprint: makpye	 shoeprint: mak soulye

women: fi
female: fanm (pop)
lady: madanm
ladies: medam
chick: fi
broad: fanm



stand up: kanpe



to lean: panche



march: mach



kneel down : ajenou



sit down: chita



lay down: kouche

to lie on the back:
kouche sou do





to lay on the side:
kouche sou kote

position : pozisyon

restless : san pozisyon

on the side : sou kote

on the back : sou do

to stand up : kanpe

to sit down : chita

to crouch down : akoupi



to lay face down:
kouche sou vant



to sleep : dòmi
sleep: dòmi
sleeping: ap dòmi



to smile: souri
smile: souri
smiling: ap souri



to cry: kriye
cry: rele
crying: ap rele
ap kriye



to be sad: tris
sad: tris
sadness: tristès



to shiver: tranble
shivering: tranble
shiver: tranbleman



to measure temperature:
pran tanperati



heat: chalè
high temperature:
gwo chalè

hot : cho
chalè
cold : frèt
fredi

kisa ou santi ?
what do you feel ?



tris sad



kontan happy



tifi girl



tigason boy

	to be scared: gen laperèz scare: pè scaring: fè pè
	to be in shock: fè sezisman shock: sezisman shocking : chokan
	to think: panse thought: panse thinking : ap panse



to laugh: ri



to enrage:
anraje



to be exhausted: fatige



to kiss : bo
kiss : bo



to cry: kriye
crying



to be happy:
kontan
happy: kè kontan


to taste:
goute



to smell:
santi


to be scared:
pè


doubting:
doute


dizzyness:
toudisman


dumb:
egare


mean :
mechan


afraid: pè


angry: fache


sing: chante


teaser :
anmèdan


to blow air:
soufle


woman : fi
man : gason

from everywhere

nou sòti tou patou



kote fanm vanyan yo?



braids: ti kouri



pony tails: ke cheval



finger waves: vag



bouffant: boufan



pigtails: detrès



bun: chou



corkscrew: dizuityèm



page boy: chela



afro: afwo



Inuit: Inuit



Danish: Danwa



Maroccan: Mawoken



Japanese: Japonèz



Turk: Tik



German : Alman



Mexican: Meksiken



Egyptian: Ejipsyèn



Indian: Endyen



Native American:
Endyen



Spaniard : Espayòl



Iranian: Iranyèn



Chinese: Chinwa



Russian: Ris



Arab: Arab



Scottish: Ekosè



Hawaïan: Awayèn



Dutch: Olandè



African: Afriken



Arab: Arab



Asian: Azyatik



Chinese: Chinwa



American Indian
Amerendyen



Indian: Endyèn



Japonese:
Japonèz



Mayan:
Maya



Norwegian:
Nòvejyen



Australian:
Ostralyen



cowboy
kòbòy



crowd
foul



cook
kuizinye



soccer player
foutbolè



volleyball player
voleyè



girls and boys
tifi ak tigason



mother, father and child
manman, papa ak pitit

World map : Kat latè


ARCTIC OCEAN
Europe
Asia
North America
ATLANTIC OCEAN
PACIFIC OCEAN
Africa
South America
INDIAN OCEAN
Australia
PACIFIC OCEAN
Antarctica

Europe : Ewòp

Asia : Lazi

Africa : Afrik

America : Amerik



North America : Amerik Dinò

South America : Amerik Disid

Latin America : Amerik Latin

Central America : Amerik Santral

Latin America : Amerik Latin

Mexico : Meksik

Guatemala : Gwatemala
Salvador : Salvadò
Honduras : Ondiras
Nicaragua : Nikaragwa
Costa Rica : Kostarica
Panama : Panama

Argentina : Ajantin
Bolivia : Bolivi
Brazil : Brezil
Colombia : Kolombi
Ecuador : Ekwatè
French Guyana : Giyàn Franse
Guyana : Giyàn
Paraguay : Paragwe
Uruguay : Irigwe
Peru : Pewou
Surinam : Sirinam
Venezuela : Venezwela

South America : Amerik disid

- Argentina
- Bolivia
- Brazil
- Chile
- Colombia
- Ecuador
- French Guiana
- Guyana
- Paraguay
- Peru
- Surinam
- Uruguay
- Venezuela

Central America : Amerik Santral

Caribbean : Karayib

clothes / rad



dress : rad, wòb



shirt : jip



blouse : kòsaj



tie : kravat



socks : chosèt



vest : vès



jacket : vès



blouse: kòsaj



shirt: chemiz



hat : chapo



skirt : jip



pants : pantalon



jumper: salòpèt



dress : wòb



coat : manto



shoes : soulye



1. bra: soutyen
2. slip: pantalèt



brief: pantalèt



slip: jipon



baby doll: chemiz denuit



panty hose: bakilòt



half slip: demijipon



buttons : bouton
to button :
boutonnen



zipper : zip



safety pin :
zepeng kwochèt



sewing : koud
to sew: koud



to hang: kwoke
pandye



shoe lace : lasèt
to lace: lase



to wash: lave



bow tie : wozèt



socks : chosèt



t-shirt: chemizèt



suspenders : bretèl



underwear : kalson slip



boxer shorts: kalson



belt : sentiwon



chain: chenn



pendant : meday



boots : bòt



high heels : talon kikit



moccasin : mokasen



sandals : sandal



mule :sapat

shoes
soulye



hook: agraf



snap: presyon



buttons : bouton



diamond ring : bag dyaman



wedding band : bag maryaj



earrings : zanno



identification bracelet : braslè



bracelet : goumèt

Parts of the body / Pati nan kò moun



Parts of the body / Pati nan kò moun


hair
cheve
face
figi
neck
kou
chest
kòf lestomak
abdomen
vant
knee
jenou
foot
pye


eye brow
sousi
eye
zye
ear
zòrèy
nose
nen
mouth
bouch

face / figi



eye : zye, ge



to see : wè, gade

to look : gade



ears : zorèy



to hear : tande

to listen : koute



nose : nen



to smell : pran sant, santi, pran odè



hand : men



finger : dwèt



to touch :
manyen, touche



arm : bra



to throw : voye



to catch : atrap



feet : pye



to walk : mache



run : kouri

inside your body
andedan kò ou


head
tèt
jaw
machwa
lung
poumon
heart
kè
liver
fwa
intestine
trip
anus
twou dèyè


stomach :
lestomak

LUNG / POUMON



EYE : JE



Sistèm kò nou

Pou nou ka obsève epitou konprann kouman kò nou fonksyone, nou divize chak pati kò yo dapre fonksyon yo genyen.
Se konsa nou pale de sistèm.
An nou revize diferan sistèm ki genyen nan kò nou.

Premye sistèm na p pale se **sistèm zo.** Gen moun ki rele l sistèm eskelèt; nou tou wè pou kisa.
Si nou vle konpare kò nou ak yon machin,
Sistèm zo a se ta chasi a. Atikilasyon yo ta angrenaj yo, epitou tandon yo ta transmisyon an. Nou gen 206 zo nan kò nou, men tout pa gen menm fòm ni tout pa gen menm gwosè.

Lòt sistèm nou genyen, se sistèm vyann kò nou , gen moun ki rele l **sistèm miskilè**. Mis yo transfere fòs bay manm yo, tankou yon levye. Se sa ki fè nou ka deplase osinon fè travay. Nou gen pliske 600 mis nan kò nou

Sistèm san an (sistèm sikilasyon) pote gaz la toupatou. Nan kò nou gaz la se oksijèn nan. Sistèm sikilatwa pèmèt kò nou elimine tou sa nou gen nan kò nou ki initil. Sistèm sikilatwa a gen yon ponp, se kè a, ki ponpe san an nan yon rezo tiyo ki divize an twa gwoup:
1, atè yo ki pote san ki gen oksijèn nan tout kote kò a bezwen
2, kapilè yo ki se yon seri ti tiyo piti piti ki pote san yo pi lwen toujou nan tout ti rakwen nan kò nou.
3, venn yo ki reprann san ki pa gen oksijèn ankò pou retounen al chaje yo ankò ak oksijèn nèf.

Sistèm respiratwa a limenm se li ki pote oksijèn pou san an ka rechaje . Li kòmanse ak twou nen yo, ale nan poumon yo.

Sistèm dijestif la brase epitou dijere tout sa nou manje. Sa nou bezwen yo, li kite yo antre andedan kò nou, andedan san nou pou ba nou fòs. Tout sa nou paka dijere osinon nou pa bezwen, li elimine yo lè nou al poupou. Sistèm dijestif la kòmanse nan bouch, pase nan lestomak, nan ti trip, nan gwo trip, ale nan twou dèyè.

Sistèm pipi a elimine dechè ki nan san nou. Sistèm sa a gen ladan l ren yo, tib ki pote pipi a nan blad pipi a epitou tib ki pran pipi a nan blad pipi a pou devèse l deyò. Si se yon fi, pipi a sòti nan yon ti twou ki pi wo antre vajen li. Si se yon gason, pipi a sòti nan pwent penis li.

Sistèm lenfatik la pwoteje nou kont tout kalite enfeksyon. Se nan sistèm sa a nou jwenn glann ki anfle lè nou gen lafyèv la.

Sistèm nè yo gen twa pati : sèvo a ki nan tèt nou, mwèl ki nan zo rèl do nou, epitou lòt koneksyon ki al tache nan tout rès kò a.

Sistèm andokrin kontwole trafik ant tout lòt sistèm yo. Li gen plizyè glann ladan l tankou pankreas, sirenal, grenn gason, ovè fi, timis, tiwoyd, ak lòt ankò.

Sistèm fè pitit, (Sistèm repwodiktif) se li ki pèmèt moun fè pitit . Pou fi ki genyen ovè, ovil, twonp, matris ak bouboun.
Pou gason, li genyen, grenn osinon testikil, jèm osinon espèmatozoyd, pijon.

system sistèm


lymphatic
lenfatik
nervous
nè
endocrine
andokrin

system sistèm


pulmonary
poumon
digestive
dijesyon
excretory
netwaye

system sistèm


skeletal
eskelèt
muscular
mis
circulatory
san

SKIN: PO


po
epidermis
selil grès
fat cell
glann swe
sweat glands

The skin is the largest organ in the body. It protects from the heat, the cold and various other intemperies.

Po moun se pi gwo ògàn nan kò a. Li pwoteje kont chalè, kont fredi epitou kont anpil lòt danje ankò.



breast: tete



ovary: ovè



kidney: ren



skin: po



1



2

animal cell: selil bèt
plant cell: selil plant



1





plant cell: selil plant

animal cell: selil bèt

1. Cytoplasm : sitoplas
2. **endoplasmic reticulum: retikoulòm**
3. **nucleus: nwayo**
4. nuclear membrane : manbràn nwayo

cytoplasm membrane : sitoplas nwayo



Skeletal System Sistèm Eskelèt

The vital organs are protected by bones; the cranium' protects the brain, the sternum,rib and vertebrae protect the organs in the chest. The body weight is supported by the hips

Pati ki frajil nan kò moun jwenn pwoteksyon nan zo eskelèt yo. Zo tèt la pwoteje sèvo a. Kòf lestomak la pwoteje kè, poumon ak lòt ògàn ki andedan l. Zo ren an pote chay kò a.

1. skeleton	1. eskelèt
2. parietal bone	2. zo tèt
3. occipital bone	3. zo dèyè tèt
4. temporal bone	4. zo tanp
5. frontal bone	5. zo fwon
6. nasal bone	6. zo nen
7. zigomatic bone	7. zo figi
8. maxilla	8. zo machwa anwo
9. mandible	9. zo machwa anba
10 cervical vertebrae	10 zo kou
11 clavicle	11 zo salyè
12 scapula	12 omoplat
13 manubrium	13 zo lestomak
14 body of the sternum	14 zo biskèt
15 xiphoid process	15 biskèt
16 true ribs	16 zo kòt
17 humerus	17 zo bra
18 radius	18 radiyis
19 ulna	19 kibitis
20 carpus	20 zo men
22 phalanges	22 zo dwèt
23 thoracic and lumbar vertebrae	23 zo do
24 coccyx	24 kòksis
25 femur	25 zo kuis
26 patella	26 kakòn jenou
27 tibia and fibula	27 zo janm
28 tarsus	28 tas
29 metatarsus	29 zo pye
30 phalanges	30 zo zotèy

BEST COPY AVAILABLE

SKELETON : ESKELÈT


THORAX :
KÒF LESTOMAK
RIB : ZO KÒT


BONES : ARM AND HAND
ZO : BRA AK MEN


zo kòt
rib
zo biskèt
sternum



vertebral column: zo rèl do


zo ranch
illium
coccyx
zo kòksis
zo basen
ischium

BONES
ZO

hand and foot bones



hand bones : zo men



foot bones : zo pye

zo men ak zo pye


zo fwon
frontal bone
parietal
zo tèt
zo tanmp
temporal
zo machwa anwo
maxillary
zo dèyè tèt
occipital
zo machwa anba
mandible
zo manton

lang tongue

zo manton mandible



SKELETON / ESKELET

sistèm sikilatwa   circulatory system



1. heart: kè
2. artery and vein: atè ak venn
3. capillary: kapilè

Cells need food and oxygen. The arteries carry blood rich of oxygen and nutrients from the heart to cells in every part of the body. Veins carry the blood back for replenishment

Tout selil nan kò moun bezwen manje ak oksijèn. Atè yo sèvi kòm tiyo pou pote san ki fòtifye soti nan kè ale toupatou. Venn yo pran san yo pou retounen yo nan kè a ankò pou rechaje.

Heart : Kè



valves, cavities and muscle of the heart
valv, chanm ak mis ki gen nan kè


1
Vessel injury
2
Platelet adhesion
3
Platelet aggregation
4
Hemostatic plug
5
Mixed platelet-fibrin plug
6
Fibrin clot
7
Clot retraction
8
Recanalization

artery: venn san wouj
vein: venn san fonse
capillary: kapilè (ti venn piti, ti atè piti)

Lè yon moun blese, li koupe swa yon atè, swa yo venn oswa yon kapilè. Pou li ka geri, gen plizyè etap:

1. Kanal san an koupe
2. Kò a fè yon ti efò pou bouche kanal san ki koupe a
3. Kò a fè plis materyo pou bouche kanal la
4. Kanal la bouche, li fè yon kwout pou pwoteje kote ki blese a.
5. Reparasyon an kòmanse pa andedan.
6. Reparasyon an pi avanse
7. Wout kòmanse fèt pou san an pase nòmalman.
8. San pase nòmalman



1. red blood cells :
   globil wouj

2. plasma fluid :
   dlo plasma

3. white blood cells :
   globil blan



1. artery: venn san wouj
2. capillary: kapilè (ti venn piti)
3. vein: venn san fonse

sistèm dijestif   digestive system


kanal pou vale   esophagus
fwa : liver
lestomak : stomach
ti trip : small intestine
gwo trip : large intestine

Dijesyon se mwayen pou retire fòtifyan nan manje. Li kòmanse nan bouch, al nan lestomak, al nan entesten. Fwa, pankreyas ak lòt ògàn founi pwodui chimik pou fè dijesyon mache.

Digestion is the process of breaking down food into nutrients usable by the body. It starts in the mouth then the esophagus, the stomach, the intestine. Liver, pancreas and other organs provide various chemical useful in the digestion process



salivary gland : glann bave



throat: gòj



stomach: lestomak


liver: fwa
intestine: trip
anus: twou dèyè

urinary system
sistèm pipi


kidney
ren
bladder
blad pipi

sistèm nè nervous system



Nervous system: Systèm nè

The nervous system includes the brain, the spinal chord and the nerve tract connecting to the rest of the body.

Sistèm nè a gen twa pati : sèvo a ki nan tèt nou, mwèl ki nan zo rèl do nou, epitou lòt koneksyon nè yo ki al tache nan tout rès kò a.


pineal and pituitary
pineal ak glann pituitè
thyroid and parathyroid
tiwoyd ak paratiwoyd
adrenals :
adrenal
pancreas:
pankreas
ovaries: ovè
testis: testikil

glands : glann

GLAND / GLANN



sistèm respiratwa respiratory system



Heart and lungs work together to provide nutrients and oxygen to every part of the body. The heart contracts day and night to pump blood everywhere.

Kè ak poumon travay ansanm pou voye monte san ki gen fòtifyan an toupatou. Kè a se yon ponp ki ap travay lajounen kou lannuit san rete pou ponpe san an.

System: Sistèm

Respiratory
Respiratwa

Digestive
Dijestif

Circulatory
Sikilatwa



Breathing
Respirasyon

Digestion
Dijesyon

Circulation
Sikilasyon

first aid
hospital
health

premye swen
lopital
lasante



to fall : tonbe
falling : tonbe



to choke : toufe
choking : toufe



auto accident:
aksidan oto



fire : dife



to drown: nwaye
drowing: nwaye



fall : tonbe
falling: tonbe



first aid: pote sekou
premye swen



car collision :
kolizyon



scared: pè



nurse: enfimyè



scalpel: bistouri



pills: grenn



I.V. : Sewòm



mouth to mouth ressucitation: bouch nan bouch



test tube: tib



mammogram:
mamogram



eye consultation :
konsiltasyon zye, ge



surgery: operasyon



blood transfusion: pran san



dentist: dantis



optometry: mezire zye



take temperature :
pran tanperati



dropper : konngout



measure weight:
pran pwa peze



shot: piki



X-ray: radyografi



syringe: sereng



ambulance : ambilans



doctor and nurse : doktè ak enfimyè



to measure blood pressure:

pran tansyon



surgery : operasyon



seringe : sereng



medication : medikaman



plaster : anplat



wheel chair : chèz woulant



krutches : beki



sphingscope: tansyomèt



stethoscope: sond



1 ophthalmoscope :
zouti pou konsilte zye

2 otoscope :
zouti pou konsilte zorèy



scale : balans



fireman: ponpye



fire: dife



hose: tiyo dlo



fire truck: kamyon ponpye



axe : ach, rach



laddder: nechèl



telephone emergency number :

nimewo telefòn ijans



unconscious person :

moun ki endispoze



first aid kit :
bwat premye swen



poisonous symbol :
senbòl pou pwazon



x-ray : radiografi



stethoscope: sond



electrical hazard:
danje elektrik



thermometer :
tèmomèt



doctor and nurse:
doktè ak mis

HEALTH : SANTE

What are you here for? : poukisa ou vini
Everything is ok : tout bagay anfòm
Is every thing ok? : èske tout bagay anfòm?
Tell me what happened? : rakonte m kijan sa pase
Where did it happen? : ki kote sa te pase?
When did this happen to you ? : depi kilè sa rive ?
Since yesterday : depi yè
At what time did it happen? : a kilè sa pase?
How old are you? : ki laj ou?
I am twenty five years old : mwen gen vennsenkan
relax : lache ko ou
I am sick : mwen malad
Are you sick? : Eske ou malad?
I am tired : mwen santi mwen fatige
I feel bad : mwen pa santi mwem byen
I feel good : mwen santi mwen byen
How do you feel? : kijan ou santi w?
Not too bad : pa pi mal
Where does it hurt? : ki kote kap fè ou mal?
Show me where : Montre m ki bò
Touch your forehead : Touche fwon-ou
Where do you localize the pain? : Ki kote ou santi doulè a?
What do you think cause the pain? : kisa ki lakoz doulè a?
Do you feel pain when I press here? : Eske ou santi doulè lè mwen peze la a ?
What about here? : E la a ?

Do you have children? : èske ou gen pitit?
How many children do you have? : konbyen timoun ou genyen?
Do you have high blood pressure ? : èske ou fè tansyon ?
Do you suffer from diabetes? : èske ou soufri dyabèt?
Don't worry : pa enkyete
Take off your clothes and put on this gown : dezabiye ou, met rad sa-a sou ou
Please call the doctor : tanpri rele doktè a
I am going to take your blood pressure : mwen pral pran tansyon ou
I am going to take your pulse : mwen pral pran pou ou
I am going to take an X-ray : mwen pral fè w radyografi
Do I need an X-ray? : èske map bezwen fè radyografi?
Who is your doctor : kimoun ki doktè ou ?

Cough (noun) : Tous
Cough! (verb) : Touse
Nausea : kè plen
Vomiting : vomisman
Diarrhea : dyare
Dizzy : tèt vire
Headache : tèt fè mal
Bellyache : vant fè mal
Toothache : maldan
Fatigue : fatig
Aids : sida
Rape : kadejak
Does it hurt when you urinate ? : eske ou gen doulè lè ou ap pipi ?
Do you have blood in your urine ? : èske ou wè san nan pipi ou?
Bleeding : emoraji
Do you smoke? : èske ou fimen?
How many cigarettes do you smoke in a day? : konbyen sigarèt ou fimen nan yon jounen?
Do you have a fever? : Eske ou gen lafyèv?
Blood analysis : analiz san
make a fist : sere pwen ou
Urine analisis : analiz pipi
Are you pregnant ? : èske ou ansent ?
When was your last period ? : ki denye fwa ou te wè règ ou ?
Are you interested in discussing birth control ? : eske ou enterese diskite planing ?

Allergy test : tès alèji
Take a deep breath : Respire fò
Follow my finger : Swiv dwèt mwen
Can you stand? Eske ou kab kanpe?
Sit down, please : Chita tanpri
Please have a seat : fè yon ti chita tanpri
You may sit down : Ou mèt chita
Lie down : Lonje kò ou
Lie face up : kouche sou do
Lie face down : kouche sou vant
walk : mache
run : kouri
bend down : bese
slow : dousman
fast : vit, rapid
do not smoke : pa fimen

Remove your shirt : Wete chemiz ou
Remove your Skirt : Wete jip ou
Remove your blouse : Wete kòsaj ou
Remove your pants : Wete pantalon ou
Remove your shoes : Wete soulye w
Remove your bra : Wete soutyen ou
Remove your brief : Wete kalson w
Remove your panties : Wete kilòt ou
Undress, please : Dezabiye ou, tanpri
remove your glasses : retire linèt ou

What medication are you taking : Ki renmèd ou ap pran kounyeya
How much do you weigh? : Konbyen liv ou peze?
Are you dizzy? : Eske ou gen toudisman ?
Are you allergic to coffee? : Eske ou fè alèji ak kafe ?
Open your mouth : Ouvri bouch ou
What did you eat? : Kisa ou te manje?
What did you drink? : Kisa ou te bwè
Please, follow me : Vini avè m tanpri
Let's go : Ann ale
Wash your hand : lave men ou
Wipe your hand : Siye men ou
Take two pills three times a day : Pran de grenn twa fwa pa jou
Take two pills before each meal : Pran de grenn anvan ou manje
With each meal : Ansanm ak manje-a
fasting : ajen, san manje
take one spoonful : pran yon kiyè
take one teaspoon : pran yon ti kiyè

NURSE--PATIENT dialog	NURSE/PATIENT dialog Creole text
1. What is (a) your name (b) your home address (c) your religion ?	1. (a) **Ki** jan ou rele ? (b) kote ou rete? relijyon ou?
2. Are you (a) married (b) divorced (c) a widow (d) a widower (e) single?	2. (a) **Eske ou** marye? (b) divòse? (c) mari ou mouri? (d) madanm ou mouri? (e) selibatè?
3. How old are you ? 20–30–40–50–60–70–80–90 ?	3. Ki laj ou? 20 -30 -40 -50 -60 -70 -80 -90?
4. How long have you been sick ? I–2–3–4–5–6–7–8–9–10 (b) months (c) weeks (d) days	4. Depi kilè ou malad ? 1 -2 - 3 -4 -5 -6 -7 -8 -9 -10 (a) an (b)mwa (c) semèn (d) jou?
5. Where is your pain ?	5. Ki kote ki fè ou mal?
6. Take (a) your medicine (b) your pill (c) your breakfast (d) your lunch (e) your dinner.	6. **Fòk ou pran** (a) medikaman an (b) grenn yo (c) manje maten (d) manje midi (e) manje aswè
7. You must not (a) smoke (b) eat (c) drink (d) sit up (e) lie down (f) turn on your side (g) turn on your back (h) read.	7. **Fòk ou pa** (a) fimen (b) manje (c) bwè (d) chita (e) kouche (f) kouche sou kote (g) kouche sou do (h) li
8. I am going to (a) make your bed (b) give you a bath (c) give you an injection (d) take some blood from your arm (e) take your blood pressure (f) call the doctor (g) change your dressing (h) Wash out the tube.	8. **Mwen pral** (a) fè kabann ou (b) benyen ou (c) ba ou yon piki (d) pran san nan bwa ou (e) pran tansyon ou (f) rele doktè a (g) chanje pansman ou (h) lave tiyo kawotchou a.
9. You are going (a) to x-ray (b) to the operating room (c) to be weighed (d) home tomorrow (e) home today (f) home next week.	9. (a) **Ou pral** (a) fè radyografi (b) nan sal operasyon (c) pran pwa ou (d) lakay ou demen (e) lakay ou jodi a (f) lakay ou semèn pwochèn.
10 I am taking care of (a) your money (h) your clothes (c) your Jewelry.	10. Mwen pral sere (a) kòb ou (b) rad ou (c) bijou ou.
11. Please sign your name.	11. Siyen non ou la-a tanpri.
12. Have you (a) urinated (b) had a bowel movement?	12. **Eske ou** (a) pipi? (b) poupou ?
13. Do you have allergy to any medication	13. Eske gen kèk medikaman ou fè alèji ak yo ?

PATIENT NURSE dialog Pick out the question you wish to ask me	PATIENT/NURSE dialog Creole text. *Chwazi keksyon ou vle mande m nan*
1. I want to see (a) the doctor (b) the **nurse (c) my husband** (d) my wife (e) my mother (f) a priest (g) a clergyman (h) a lawyer.	1. **Mwen vle wè** (a) doktè a (b) enfimyè a (c) mari'm (d) madanm mwen (e) manmanm (f) yon pè (g) yon pastè (h) yon avoka
2. I want (a) to smoke (b) a newspaper (c) a cup of coffee (d) tea (e) milk (f) sugar (g) salt (h) a knife (i) a fork (j) a spoon .	2. **Mwen vle** (a) fimen (b) yon jounal (c) yon tas kafe (d) yon tas te (e) yon vè lèt (f) sik (g) sèl (h) yon kouto (i) yon fouchèt (j) yon kiyè.
3. May I have my (a) Insulin (b) medicine (c) sleeping pill?	3. **Eske ou ka ba mwen** (a) ensilin mwen (b) medikaman m (c) grenn pou dòmi.
4. I cannot (a) sleep (b) eat (c) hear (d) see (e) urinate.	4. **Mwen pa ka** (a) dòmi (b) manje (c) tande (d) wè (e) pipi.
5. I have a pain in my (a) stomach (b) chest (c) arm (d) leg (e) shoulder.	5. **Mwen santi doulè nan** (a) vant mwen (b) lestomak mwen (c) bra m (d) janm mwen (e) zèpòl mwen
6. I want to (a) urinate (b) have a bedpan (c) go to the bathroom (d) get up (e) go back to bed (f) go home.	6. **Mwen bezwen** (a) pipi (b) yon vaz (c) ale nan twalèt (d) kanpe (e) tounen nan kabann mwen (f) ale lakay mwen
7. Am I (a) getting better (b) getting worse?	7. **Eske map** (a) refè? (b) m ap vin pi mal
8. What is the time?	8. Kilè li ye ?
9. When is the doctor coming?	9. Ki lè doktè a ap vini?
10. Please (a) turn my pillow (b) raise my bed (c) lower my bed (d) open the window (e) close the window.	10. **Tanpri** (a) vire zorye a pou mwen (b) monte kabann la (c) bese kabann lan (d) louvri fenèt la (e) fèmen fenèt la

NURSE--PATIENT dialog	NURSE/PATIENT dialog Creole text
1. What is (a) your name (b) your home address (c) your religion ?	1. (a) **Ki** jan ou rele ? (b) kote ou rete? relijyon ou?
2. Are you (a) married (b) divorced (c) a widow (d) a widower (e) single?	2. (a) **Eske ou** marye? (b) divòse? (c) mari ou mouri? (d) madanm ou mouri? (e) selibatè?
3. How old are you ? 20–30–40–50–60–70–80–90 ?	3. Ki laj ou? 20 -30 -40 -50 -60 -70 -80 - 90?
4. How long have you been sick ? I–2–3–4–5–6–7–8–9–10 (b) months (c) weeks (d) days	4. Depi kilè ou malad ? 1 -2 - 3 -4 -5 -6 -7 -8 -9 -10 (a) an (b)mwa (c) semèn (d) jou?
5. Where is your pain ?	5. Ki kote ki fè ou mal?
6. Take (a) your medicine (b) your pill (c) your breakfast (d) your lunch (e) your dinner.	6. **Fòk ou pran** (a) medikaman an (b) grenn yo (c) manje maten (d) manje midi (e) manje aswè
7. You must not (a) smoke (b) eat (c) drink (d) sit up (e) lie down (f) turn on your side (g) turn on your back (h) read.	7. **Fòk ou pa** (a) fimen (b) manje (c) bwè (d) chita (e) kouche (f) kouche sou kote (g) kouche sou do (h) li
8. I am going to (a) make your bed (b) give you a bath (c) give you an injection (d) take some blood from your arm (e) take your blood pressure (f) call the doctor (g) change your dressing (h) Wash out the tube.	8. **Mwen pral** (a) fè kabann ou (b) benyen ou (c) ba ou yon piki (d) pran san nan bwa ou (e) pran tansyon ou (f) rele doktè a (g) chanje pansman ou (h) lave tiyo kawotchou a.
9. You are going (a) to x-ray (b) to the operating room (c) to be weighed (d) home tomorrow (e) home today (f) home next week.	9. (a) **Ou pral** (a) fè radyografi (b) nan sal operasyon (c) pran pwa ou (d) lakay ou demen (e) lakay ou jodi a (f) lakay ou semèn pwochèn.
10 I am taking care of (a) your money (h) your clothes (c) your Jewelry.	10. Mwen pral sere (a) kòb ou (b) rad ou (c) bijou ou.
11. Please sign your name.	11. Siyen non ou la-a tanpri.
12. Have you (a) urinated (b) had a bowel movement?	12. **Eske ou** (a) pipi? (b) poupou ?
13. Do you have allergy to any medication	13. Eske gen kèk medikaman ou fè alèji ak yo ?

PATIENT NURSE dialog Pick out the question you wish to ask me	PATIENT/NURSE dialog Creole text. *Chwazi keksyon ou vle mande m nan*
1. I want to see (a) the doctor (b) the nurse (c) **my husband** (d) my wife (e) my mother (f) a priest (g) a clergyman (h) a lawyer.	1. **Mwen vle wè** (a) doktè a (b) enfimyè a (c) mari'm (d) madanm mwen (e) manmanm (f) yon pè (g) yon pastè (h) yon avoka
2. I want (a) to smoke (b) a newspaper (c) a cup of coffee (d) tea (e) milk (f) sugar (g) salt (h) a knife (i) a fork (j) a spoon .	2. **Mwen vle** (a) fimen (b) yon jounal (c) yon tas kafe (d) yon tas te (e) yon vè lèt (f) sik (g) sèl (h) yon kouto (i) yon fouchèt (j) yon kiyè.
3. May I have my (a) Insulin (b) medicine (c) sleeping pill?	3. **Eske ou ka ba mwen** (a) ensilin mwen (b) medikaman m (c) grenn pou dòmi.
4. I cannot (a) sleep (b) eat (c) hear (d) see (e) urinate.	4. **Mwen pa ka** (a) dòmi (b) manje (c) tande (d) wè (e) pipi.
5. I have a pain in my (a) stomach (b) chest (c) arm (d) leg (e) shoulder.	5. **Mwen santi doulè nan** (a) vant mwen (b) lestomak mwen (c) bra m (d) janm mwen (e) zepòl mwen
6. I want to (a) urinate (b) have a bedpan (c) go to the bathroom (d) get up (e) go back to bed (f) go home.	6. **Mwen bezwen** (a) pipi (b) yon vaz (c) ale nan twalèt (d) kanpe (e) tounen nan kabann mwen (f) ale lakay mwen
7. Am I (a) getting better (b) getting worse?	7. **Eske map** (a) refè? (b) m ap vin pi mal
8. What is the time?	8. Kilè li ye ?
9. When is the doctor coming?	9. Ki lè doktè a ap vini?
10. Please (a) turn my pillow (b) raise my bed (c) lower my bed (d) open the window (e) close the window.	10. **Tanpri** (a) vire zorye a pou mwen (b) monte kabann la (c) bese kabann lan (d) louvri fenèt la (e) fèmen fenèt la

The Citadel Christophe / Sitadèl Kristòf

Se mèvèy pa nou



Houses & Buildings
Kay & Bilding

cathedral: katedral





Capitol: Kapitòl



Taj Mahal: Tajmahal



Eiffel Tower:
Tou Efèl



Sphinx: Esfenks



Statue of Liberty:
Estati Lalibète



Baryè Boutèy



Mayan Piramid:
Piramid Maya



Egyptian Pyramid:
Piramid Ejipsyen



Triumph Arch:
Ak Triyonf



appartment building:
bilding apatman



sky scraper :
gratsyèl,
bilding



house: kay
one story house: kay



straw house: kay pay

go home: al lakay
return home: retounen lakay
homesick : chagren, sonje lakay
homeland: peyi
house: kay
home: lakay

 brick wall: mi anblòk brick: brik	 concrete block: blòk beton	 stone wall: mi wòch stone: wòch
 concrete works: kofraj	cement: siman sand: sab lime: lacho	 reinforcing bar: ba fè

brick: brik
brick wall: mi anblòk
stone: wòch
stone wall: mi wòch
concrete block: blòk beton
concrete: beton
reinforcing rod: ba fè
concrete mold: kofraj

stucco: lisaj
reinforcing bar: ba fè
concrete wall: mi beton
concrete works: kofraj
cement: siman
sand: sab
lime: lacho



1. attic: fetay
2. secong floor: dezyèm etaj
3. first floor: premye etaj
4. basement: sousòl
5. garage: garaj
6. bathtub : basen
7. car : oto
8. oven : fou
9. roof : tèt kay
10. table : tab



1. bedroom: chanm
2. bathroom: twalèt; saldeben
3. living room: salon
4. dining room: salamanje
5. kitchen : kizin, kwizin



kolonbye

ANDEDAN KAY

INSIDE THE HOUSE



bedroom furniture
mèb nan chanm



1. nightstand : tabdenuit
2. headboard : tètkabann
3. painting : penti / tablo
4. chiffonier : komòd
5. mirror : glas
6. dresser : kwafèz
7. bench : ban
8. bed : kabann
9. pillow : zòrye



bed : kabann



rocking chair : dodin



television screen : ekran televizyon



clothes rack : liy

bed: kabann
bedding: dra
go to bed: al dòmi; al nan kabann
get out of bed : leve; desann kabann
put to bed: mete kouche
to hang the clothes: pandye rad; tann rad
hanger: sèso
clothe line: kòd rad



oven
fou



mixer
malaksè



toaster
griy pen



coffee pot
kafetyè



desk
biwo



cabinet
amwa



chair
chèz



table
tab



calculator
kalkilatè



alarm clock
revèy



telephone
telefòn



radio
radio



turntable
toun disk



camera
kamera

dining room salamanje



1. display cabinet : bifèt

2. china cabinet : panntyè

3. table : tab

4. chair : chèz

5. tablecloth : nap

6. painting : tablo

7. vase : potaflè

kitchen / kuizin



1. Oven : fou
2. Electric range : recho elektrik
3. fridge : frijidè
4. sink : basen
5. window : fenèt
6. curtain : rido
7. cupboard : plaka



electric range: fou elektrik
1. fan: vantilatè
2. drip bowl: bòl pou kras manje
3. tubular element: eleman
4. trim: dekorasyon



1. refrigerator: frijidè
2. freezer: frizè
3. ice tray: plato glas
4. temperature control knob: bouton pou kontwole tanperati



1. tea jettke : pòt te
2. pan: kaswòl
3. cauldron: chodyè

1. wine bottle: boutèy diven
2. glass: vè
3. coffee cup: tas kafe
4. plate: asyèt
5. fork: fouchèt
6. knife: kouto
7. spoon: kiyè
9. tablecloth : nap





range: recho elektrik
stove: fou

electrical appliances:
aparèy elektrik



1 washer : machinalave
2 dryer : sechwa



tea kettle : pòt te

bleach: klowòks
soap: savon
to wash: lave
to dry: seche
tea kettle: pòt te
range: recho elektrik
gas range: recho agaz
to cook: kwit
cooking: ap kwit
to boil: bouyi

boiling: ap bouyi
to reduce: redwi
to roast: griye
roasting: ap griye
to bake: met nan fou
baking: ap kwit
baking soda: bikabonat
to warm up: rechofe
to burn: brile



orange juicer :
près zoranj



electric range:
fou elektrik



refrigerator: frijidè



egg beater: batèz



frying pan: kaswòl



coffee maker :
kafetyè



tea kettle: teyè



electric egg beater:
batèz



saucepan: bonm



spoon : kiyè



knife : kouto



fork : fouchèt



water jug: krich



mortar and pestle:
pilon ak manch pilon



pail : bokit



pocket knife: kanif



coffee grinder :
moulen kafe



turner: pèl

 sieve: paswa	 knife: kouto	 can opener : kle mamit
 tea cup : tas te	 can opener: kle mamit	 bottle opener: kle kola
 lever corkscrew: kle boutèy	 funnel: antonwa	 mold: moul



skimmer : louch fritay



grate: graj



laddle: louch



kettle: bonm



strainer: paswa



saucepan: kaswòl



cauldron: chodyè





mortar
pilon



pot
chodyè



bucket
bokit



cooker
recho

broom
bale

lamp
lanp





basket : panye



broom : bale



bench : ban



wood charcoal:
chabon bwa



cooker : recho



charcoal cooker:
recho chabon

pail : bokit





heater: chofrèt



tea kettle : teyè



gas lamp:
lanp gaz



bouji

candle light

gas lamp:
lanp tèt gridap





matches : alimèt



wood fire: dife bwa





socket: sòkèt



1. box cover : kouvèti
2. switch: switch
3. plug: plòg
4. box: bwat



lanp: anpoul



plug : plòg



LIVING ROOM
SALON

1. sofa: sofa
2. lamp: lanp
3. table: tab
4. curtain: rido
5. chest: kès
6. painting: tablo
7. plant: plant
8. book: liv

two story house :
kay de etaj





one story house :
kay yon etaj

house
kay

door	pòt
door lock	seri
window	fenèt
corner	kwen
carpet	tapi
wall	mi
floor	planche, atè
bathroom	twalèt
lavabo	lavabo
toilet bowl	bòl twalèt
mirror	glas
shower	douch
closet	bifèt
curtain	rido
soap	savon
toothbrush	bwòsadan
toothpaste	pat
towel	sèvyèt
water	dlo
hot water	dlo cho
cold water	dlo frèt
perfume	pafen
after shave	dezodoran
deodorant	dezodoran

bedroom	**chanm**
bed	kabann
sheet	dra
bed spread	kouvreli
pillow	zorye
night stand	tabdenui
night lamp	lanp bò tèt kabann
night gown	chemizdenwi
good night	bòn nwi
good morning	bonjou
love	renmen
prayer	lapriyè
kiss	bo
clothing	rad
skirt	jip
blouse	kòsaj
panty	pantalèt
dressed	abiye
undressed	dezabiye
naked	toutouni
dresser	bifèt
comb	peny
baby oil	lwil pou tibebe
make up	pwodui pou makiye
brush	bwòs

kitchen	kwizin
oven	fou
fridge	frijidè
freezer	frizè
microwave oven	fou mikwo-ond
sink	basen
dish	plat
diswasher	machin pou lave asyèt
spoon	kiyè
knife	kouto
fork	fouchèt
cup	tas
glass	vè
napkin	sèvyèt an papye
to cook	kuit
to clean	lave
to eat	manje
dessert	desè
breakfast	manje maten
lunch	manje midi
diner	soupe
snack	kolasyon
thaw	dejle
freeze	konjle
warm	tyèd

living room	salon
sofa	sofa
plant	plant
bookcase	bibliyotèk
stereo	aparèy radyo
rocking chair	dodin
picture	foto
picture frame	ankadreman
television	televizyon
visitor	vizitè
friend	zanmi
smell	odè
fan	vantilatè
heater	chofrèt, itè
warm	tyèd
cold	frèt
hot	cho
cooler	glasyè
drink	bwason
ice	glas

hygiene: ijyèn
hygiene: ijyèn
hygiene: ijyèn
hygiene: ijyèn

 hair shampoo : chanpou	 to put on rollers: mete woulo	 hair pick : pik
 toothpaste : pat dantifris	 rollers : woulo	 hair clippers :tondèz
 tooth brush : bwòs dan	 1 hair dryer : sechwa 2 blow dryer : sechwa	 barber shop : kwafè



to comb: penyen



to shampoo: savonnen



to rince: rense



to dry: seche



to spray: flite



to wear cap: met bone

 shaving brush : blewo	 razor blade : jilèt	 razor : razwa
 hairpin : epeng cheve	 bobby pin : pens cheve	 hair clip : pens woulo
 rollers: woulo	 wave clip : pens woulo	 barrette : barèt

wash lave



shower : douch
to shower: pran douch
benyen



bath : beny



to wash hands: lave men

to wash hand with soap:
savonnen men

washing hands : lave men



drying off :
seche

hygiene



toilet paper :
papye twalèt



1 faucet : tiyo
2 sink : basen



shower head : douch



to shower:
pran douch



towel : sèvyèt



wash towel:
sèvyèt figi



shaving cream :
krèm labab

ijyèn



toilet bowl: bòl twalèt



bath tub : beywa



sink : lavabo



towel : sèvyèt



comb : peny



brush : bwòs tèt



washbowl :
lavabo



mirror :
glas



toilet bowl :
bòl twalèt



perfume bottle :
boutèy pafen



paper tissue :
klinèks



toilet paper :
papye twalèt



brush :
bwòs



comb :
peny



dryer :
sechwa



towel :
sèvyèt

Sport
hobby
games

Espò
pastan
jwèt



soccer : foutbòl



jumping rope : sote kòd



marble game : jwèt mab



sling shot : fistibal



soccer ball:
balon foutbòl



hiking: moute mòn



ice skate :
paten sou glas



1 tennis racket :
rakèt tenis
2 tennis ball :
boul tenis



football:
balon foutbòl



mit : gan, mitèn



baseball mit :
gan bezbòl



roller skates :
paten



basketball hoop :
sèk balon pànye



soccer ball:
balon foutbòl



soccer player:
foutbolè



golf equipment:
ekipman gòlf



skate: paten



ice skater: patinè



